# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–23 जून 2025 भोजपुरी समाचार

उप राष्ट्रपति जगदीप धनखड़ एसोसिएशन ऑफ इंडियन यूनिवर्सिटीज क राष्ट्रीय सम्मेलन के आजु नोएडा के एमिटी यूनिवर्सिटी में सम्बोधित कइलें। येह दौरान उहां के सुसासन के प्रति जबाबदेही बदे प्रदेस सरकार अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के बाधाई दिहलीं। उपराष्ट्रपति कहलें कि देस क कुलपति भारत क भविस्य निर्माता हवें। सिक्षा के महातम पर चरचा करत उहां के कहलीं कि सिक्षे देस में समानता लेआवे ला अउर ईहे लोकतंत्र के प्राण देला।

**********

बनारस में बिहने पहिली बेरि पचीसवीं मध्य क्षेत्रीय परिषद क बइठकी आयोजित होई। बइठकी क अध्यक्षता केन्द्रीय गृह मंत्री अमित शाह करिहें। बइठकी में प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ, उत्तराखंड क मुख्यमंत्री पुष्कर सिंह धामी, मध्य प्रदेश क मुख्यमंत्री मोहन यादव अउर छत्तीसगढ़ क मुख्यमंत्री विष्णु देव साय भी हिस्सा लीहें। बइठकी में सुरक्षा अउर विकास के सथहीं कई गो खास बिन्दुअन पर चरचा होई।

**********

देस आजु डॉक्टर श्यामा प्रसाद मुखर्जी के उनके बलिदान दिवस पर सरधांजलि दे रहल हौ। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एगो सोसल मीडिया पोस्ट में कहलें कि डॉक्टर मुखर्जी देस क अखंडता के अक्षुण रक्खे बदे अतुलनीय साहस क परिचय दिहलें।

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ लखनऊ में डॉक्टर मुखर्जी के मुरती पर फूल चढ़ा के उनके व्यक्तित्व अउर कृतित्व के बारे में चरचा कइलें। उहां के कहलीं कि कई गो क्षेत्रन में डॉक्टर श्यामा प्रसाद मुखर्जी क जोगदान हमेसा यादि कइल जाई।

**डॉ.श्यामा प्रसाद मुखर्जी जी ने अखंड भारत के लिए अपना बलिदान दिया था स्वतंत्र भारत में कैबिनेट मंत्री के रूप में उन्होंने देश को अपने विजनरी नेतृत्व से लाभान्वित करके देश की औद्योगिक नीति को तय करने में बड़ी भूमिका का निर्वहन किया था।**

प्रदेस भर में डॉक्टर श्यामा प्रसाद मुखर्जी के बलिदान दिवस पर पौधा लगावल जा रहल हौ। येही क्रम में मुख्यमंत्री भी भदोही जिला के कलेक्ट्रेट परिसर में उनके बलिदान दिवस पर एक पेड़ मां के नाम अभियान के तहत पौधा लगवलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु भदोही में विकास कार्यन अउर कानून व्यवस्था के ले के जनप्रतिनिधियन आ सीनियर अधिकारियन के साथे समीक्षा बइठकी कइलें। बइठकी के बादे पत्रकार लोगिन से बतियावत मुख्यमंत्री कहलें कि भदोही जिला विकास के दिसा में आगे बढ़ि रहल हौ। ई अपने हस्तसिल्प उद्योग से प्रदेस के खास पहिचान दियवले हौ। उहां के कहलीं कि भदोही के विकास खातिर जनप्रतिनिधियन के कई गो प्रस्तावन के मंजूरी दीहल जा रहल हौ। मुख्यमंत्री भदोही क जिला अस्पतालो क निरीक्षण कइलें अउर कहलें कि सरकार क कार्ययोजना आवे वाला समय में येह जिला में पीपीपी मोड पर मेडिकल कॉलेज बनवले क हौ।

**********

देस, सेवा–सुसासन अउर गरीब कल्याण के सिद्धान्तन से प्रेरित हो के एक दसक में बड़हन बदलाव कइले हौ। आकाशवाणी समाचार आप लोगिन खातिर पछिला इग्यारह सालि में प्रमुख क्षेत्रन में सरकार के कोसिसन पर एगो खास फीचर ले के आइल हौ। आजु हमनी के देस के अल्पसंख्यक समुदायन के ससक्तीकरण, अवसर अउर सुधार के जरिया से समावेसी विकास बदे भारत कै अटूट प्रतिबद्धता पर धियान केन्द्रित कइ रहल हईं।

***प्रधानमंत्री जन विकास कार्यक्रम के अंतर्गत 18 हजार 400 करोड़ रुपये से अधिक की परियोजनाओं को मंजूरी दी गई। राष्ट्रीय अल्पसंख्यक विकास और वित्त निगम ने पिछड़े वर्गों को रियायती ऋण प्रदान करते हुए एक लाख 74 हजार से अधिक लाभार्थियों को 752 करोड़ रुपये से अधिक वितरित किए। सांस्कृतिक और समुदाय–विशिष्ट पहलों ने भी सार्थक प्रभाव डाला है। हज सुविधा ऐप और हज स्वयंसेवकों के लिए समर्पित प्रशिक्षण कार्यक्रमों ने तीर्थयात्रा के अनुभव को बेहतर बनाया है। जबकि ऐतिहासिक वक्फ संशोधन अधिनियम, 2025, और उम्मीद पोर्टल ने पारदर्शिता और शासन को मजबूत किया, जिससे वक्फ संपत्तियों के लिए डिजिटल प्रबंधन के एक नए युग की शुरुआत हुई। इसके अतिरिक्त, बौद्ध विकास योजना और जियो पारसी जैसी अन्य जैसी योजनाओं ने संस्कृति को संरक्षित करके, शिक्षा और सामुदायिक कल्याण को बढ़ावा देकर विभिन्न समुदायों की अनूठी जरूरतों को पूरा किया है। विष्णु की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से सरफिरोजी।***

**********

केंद्रीय सहकारिता अउर उड्डयन राज्य मंत्री मुरलीधर मोहोल आजु एक दिवसीय दौरा पर बलरामपुर पहुंचलें। उहां के जिला क प्राथमिक स्वास्थ्य केन्द्र जोकहिया क निरीक्षण कइलीं अउर मरीजन से बातचीत कइलीं। केन्द्रीय राज्य मंत्री कलेक्ट्रेट परिसर में विकास कार्य क बिन्दुवार समीक्षो कइलें।

**********

मौसम विभाग सत्ताइस जून ले प्रदेस के पूरबी जिलन में कई जगहिनि पर गरज–चमकि के साथे बौछार परले अउर बरखा भइले क ओम्मेद जतवले हौ। विभाग के मोताबिक अट्ठाइस अउर ओन्तीस जून के येह इलाकन में करीब सज्जो जगहिनि पर ईहे हालति रही।

**********